

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Simbol-simbol dina Kasenian Gembyung di Kampung nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII”. Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kualitatif ngagunakeun pamarekan étnografi, kalayan téknik obsérvasi, dokuméntasi, wawancara, jeung catetan lapangan. Instrumén panalungtikan nu digunakeun nya éta *handycame*, kaméra, jeung pedoman wawancara. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan ngagambarkeun ngeunaan: (1) asal-muasal kasenian gembyung, (2) prak-prakkan kasenian gembyung, (3) simbol-simbol nu aya dina kasenian gembyung jeung, (4) hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaram maca artikel di SMA kelas XII.

Asal-muasal kasenian gembyung asup ka wewengkon Tanjungkerta diwanohkeun ku Pangéran Wangasrudin pikeun nyebarkeun agama Islam. Alat nu digunakeun nya éta waditra terebang salaku média pikeun ngumpulkeun masarakat, lantaran jaman harita kaayaan masarakat désa Cipanas hésé pisan asup agama Islam. Jaman baheula kasenian gembyung téh disebut kasenian terebang, tapi ka béh dieukeun ieu kasenian disebut kasenian gembyung ku lantaran nyaluyukeun jeung kamajuan jaman sarta waditrana ditambahan ku tarompét, goong leutik, goong gedé, jeung ronggéng.

Prak-prakkan kasenian gembyung dimimitian ku tawasulan nya éta ngadu’ a ka Nu Maha Kawasa sangkan dibéré kalancaran dina lumangsungna acara. Peutingna acara lumangsung kira-kira ba’da isya. Babak kahiji dimimitian ku ngawangsal nya éta mintonkeun lagu nu eusina syair-syair kaagamaan saperti Bismillah, Yakmadun, Kayumbillah, Rabun Allah. Babak kadua, mintonkeun lagu-lagu saperti Kembang Gadung, Écéng Gondok, Kembang Beureum jrrd. Dina babak kadua, lagu nu dihaleuangkeun bisa diibingan. Sanggeus babak kadua réngsé, tengah peuting diayakeun acara ngaruwat tujuanana pikeun tolak bala, satuluyna dipungkas ku acara du’ a babarengan sangkan naon-naon pamaksudan

dikabulkeun sarta dijauhkeun tina sagala musibah, panyakit jeung hal-hal goréng séjénna.

Simbol-simbol dina kasenian gembyung dianalisis dumasar kana tiori sémiotik Roland Barthes, anu ngawengku tanda, tilu rupa hubungan tanda (simbolik, paradigmatic, jeung sintagmatik), basa wicara jeung budaya, sarta *signification*. Tina hasil analisis simbol-simbol, kapaluruh gembyung téh mangrupa tanda lantaran kecap gembyung miboga penanda (runtuyan foném: g-e-m-b-y-u-n-g) jeung petandana nya éta kasenian tradisional salaku média ritual jeung pintonan. Dina tilu rupa hubungan tanda sacara simbolik gembyung mangrupa simbol tina rasa sukur masarakat ka Nu Maha Kawasa. Ditilik sacara paradigmatic gembyung miboga hubungan eksternal patali jeung tanda dina banda séjén saperti seni bangréng, seni terebang, jeung goong rénténg. Sacara sintagmatik, Gembyung miboga hubungan jeung hal-hal nu disatukangeun ieu kasenian saperti, séktor *pertanian*, *peternakan*, seni sora, seni musik, seni tari, sarta miboga fungsi akademik jeung komersial. Basa wicara jeung tuturan dina kasenian gembyung mangrupa *aktualisasi* tina seni tradisi titinggal karuhun Sunda nu aya di kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang. Dina *signification* kasenian gembyung dipaluruh sacara konotasi jeung dénotasi, sacara konotasi gembyung mangrupa kasenian tradisional nu miboga kalungguhan salaku média ritual jeung pintonan, sedengkeun dénotasi asalna tina kecap *gem* nya éta ageman nu hartina, pedoman, ajaran, atawa paham nu dianut ku manusa, sarta kecap *byung* asalna tina kabiruyungan, nya éta hal nu pasti kudu dilaksanakeun.

Hasil panalungtikan ngeunaan simbol-simbol dina kasenian gembyung di Kampung Nagrog Désa Cipanas Kecamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII, lantaran dina ieu kasenian miboga harti jeung udagan nu tangtu pikeun jadi papagon dina kahirupan.

## 5.2 Saran

Sanggeus nalungtik kasenian gembyung loba pisan mangpaatna pikeun panalungtik. Panalungtik bisa mikawanoh simbol-simbol nu aya dina ieu kasenian ti mimiti kumaha asal-muasal kasenian gembyung sarta prak-prakkan waktu lumangsungna kasenian. Lian ti éta, nambahan élmu pangaweruh dina widang kaagamaan. Sangkan ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun ku sakabéh pihak, panalungtik hayang nepikeun saran nu dirékoméndasikeun ka: (1) masarakat, (2) guru, (3) siswa.

- 1) Masarakat dipiharep kudu reueus kana kasenian gembyung lantaran mangrupa warisan budaya nu kudu dijaga jeung miboga pituduh sangkan urang salamet dunya aherat.
- 2) Guru dipiharep nambahan élmu pangaweruh sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel.
- 3) Siswa dipiharep mikawanoh tradisi nu aya di wewengkon sarta maham kana simbol-simbol nu aya dina kasenian gembyung.